**दिन–शनिवार** **दिनांक–03.08.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जनौलनि अछि जे भारत बेसी खाद्यान्न उपजाबयवला देश अछि। श्री मोदी आइ नव दिल्ली मे बत्तीसम अंतर्राष्ट्रीय कृषि अर्थशास्त्री सम्मेलन के सम्बोधित कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे सरकार सुधारक संग–संग कृषि क्षेत्र के मजगूत कऽ रहल अछि, जाहि सँ किसान सभक जिनगी बढ़िया होयत। श्री मोदी जनौलनि जे कृषि क्षेत्र सरकारक आर्थिक नीतिक केन्द्र अछि। ओ जनौलनि जे भारत मोट अन्न, दूध, दालि आओर मसालाक सभ सँ पैघ उत्पादक देश अछि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे भारत रासायन मुक्त खेती के बढ़ावा दऽ रहल अछि आओर खेती लेल ड्रोन के बढ़ावा देल जा रहल अछि।

---

केन्द्रीय खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्री चिराग पासवान जनौलनि अछि जे सरकार खाद्य प्रसंस्करण उद्योग के बढ़ावा देबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री पासवान पटना मे आयोजित इंडस्ट्रीज गोलमेज बैसारक बाद पत्रकार सभ सँ गपशप कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे बैसक मे संभावित मौका आओर मेगा फूड इवेंट सँ जुड़ल विषय पर मुख्य रूप सँ चर्चा भेल। श्री पासवान जनौलनि जे हुनक मंत्रालय राष्ट्रीय आओर अंतर्राष्ट्रीय स्तर पर खाद्य प्रसंस्करणक क्षेत्र मे नव अवसरि खोज रहल अछि जाहि सँ किसान सभ के हुनक उत्पादकक बढ़िया दाम भेट सकय।

---

पटनाक ज्ञान भवन मे आइ सँ दू दिवसीय मखान महोत्सव शुरू भेल। कृषि मंत्री मंगल पांडेय महोत्सवक विधिवत शुरू कयलनि। ओ जनौलनि जे महोत्सवक उद्देश्य मखान उत्पादनक नव तकनिक सँ किसान सभ के अवगत करायब अछि। संगहि, एकर व्यापार के बढ़ावा देब अछि। श्री पांडेय जनौलनि जे अगिला दू वर्ष मे सरकार पचास हजार हेक्टेयर मे मखानक खेतीक लक्ष्य निर्धारित कयलक अछि। दू दिवसीय मखान महोत्सव मे मखानक

कतेको उत्पादकक प्रदर्शनी आओर बिक्री सेहो कयल जा रहल अछि। महोत्सव मे मखानक व्यंजन प्रतियोगिताक सेहो आयोजन कयल जायत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ इको पर्यटनक विकासक लेल नवादा जिलाक ककोलत जलप्रपात मे पर्यटकीय सुविधाक लोकार्पण कयलनि। संगहि, डेढ बरख सँ बंद जलप्रपात के आम लोक सभक लेल खोलि देल गेल अछि। कार्यक्रमक बीच पर्यावरण, वन आओर जलवायु परिवर्तन विभागक मंत्री डॉक्टर प्रेम कुमार आओर स्थानीय सांसद विवेक ठाकुर सहित कतेको गणमान्य लोकसभ छलाह। मुख्यमंत्री जिलाक बारसलीगंज मे सीमेंट ग्राइंडिंग इकाई के शिलान्यास कयलनि। ओ नालंदा जिलाक हरनौत प्रखंडक द्वारिकाबीघा गाम मे नव बनल पुलक सेहो उद्घाटन कयलनि।

---

पंचायती राज विभागक मंत्री केदार प्रसाद गुप्ता आइ पटनाक फुलवारी शरीफ प्रखंडक गोनपुरा पंचायत मे वन महोत्सव शुरू कयलनि। श्री गुप्ता जनौलनि जे महोत्सवक बीच राज्यक सभ पंचायत मे साढे पाँच लाख पौधा लगेबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। ओ जनौलनि जे– बर, पीपर, नीम, महुआ, आम आओर तेतरिक पौधा प्राथमिकताक आधार पर लगाओल जायत।

---

पेरिस ओलंपिक मे आठम दिन आइ भारतीय निशानेबाज मनु भाकर महिलाक पचीस मीटर पिस्टल स्पर्धा सँ चुकि गेलीह। ओ फाइनल मोकाबिला मे चारिम स्थान पर रहलीह। ओ पेरिस ओलंपिक मे पहिनेहि दू कांस्य पदक जीत कँ इतिहास रचि चुकल छथि। तीरंदाजी स्पर्धा मे दीपिका कुमारी महिला व्यक्तिगत वर्ग मे क्वार्टर फाइनल मे मैच हारि गेलीह।

---

मैथिली रंगकर्म के समर्पित संस्था भंगिमा अपन चालीसम स्थापना दिवस मना रहल अछि। एहि मौका पर पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे बुलबुल आ रखबार, अभिसार आ अपन

लोक नाटकक मंचन कयल जा रहल अछि। कार्यक्रम मे मैथिली रंग मंचक अभिनेत्री पूनमश्री आ रश्मि मिश्रा के सम्मानित कयल गेल। संपूर्ण कार्यक्रम संगीत नाटक अकादमी पुरस्कार सँ सम्मानित कलाकार प्रेमलता मिश्र प्रेमक सम्मान मे आयोजित भऽ रहल अछि।

————————————————————————

प्रदेश मे मॉनसून पूरा सक्रिय अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच मधेपुराक पुरैनी मे सभ सँ बेसी एक सय नओ दशमलव छओ मिलीमीटर बारिश भेल अछि। ओतहि, गयाक शेरघाटी मे नब्बे दशमलव दू आओर डोभी मे अस्सी मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच कैमूर, रोहतास, बक्सर, किशनगंज, अररिया आओर पूर्णियां जिला मे किछु ठाम बेसी भारी बारिश भऽ सकैत अछि। एहि के लऽकऽ औरेंज अलर्ट जारी कयल गेल अछि। ओतहि, भोजपुर, अरवल, औरंगाबाद, सूपौल, सहरसा, मधेपुरा आओर कटिहार जिला मे एक दू ठाम भारी बारिशक आशंका के देखैत येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि। एहि बीच तेज हवा चलबाक संग—संग मेघगर्जन आओर ठनका खसय के लऽकऽ सेहो चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

————————————————————————

गोपालगंज जिलाक कुचायकोट थाना क्षेत्र सँ पुलिस वाहन जाँचक दरमियान एक कार सँ तिहत्तरि किलो चरसक संग दू तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। बरामद चरसक बाजार मूल्य दस करोड़ टाका जनाओल गेल अछि।

————————————————————————

पूर्वी चंपारण जिलाक महुआवा थानाक भारत—नेपाल सीमा सँ एस.एस.बी. आओर पुलिसक टीम एक तस्कर के भारी मात्रा मे गांजाक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

————————————————————————

समाप्त